आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–12 अप्रैल 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें हवें कि महिला आरक्षण कानून पे सही भावना के साथे अमल कइले क समय आ गइल हौ। जेहसे 2029 से लोकसभा अउर विधानसभा चुनाव महिला आरक्षण के साथे करावल जा सके। श्री मोदी लोकसभा अउर राज्यसभा में सदन के नेता लोगिन के लिखन चिट्ठी में महिला आरक्षण कानून में संशोधन के मुद्दा पे सज्जो सदस्यन से एकजुट होखे क अपील कइलें। येह कानून के नारी सक्ति वंदन अधिनियम नाव दिहल गइल हौ।

**इन संशोधनों को पारित करने के लिए संसद के बजट सत्र की अवधि बढाई गई थी। तीन दिन का विशेष सत्र 16 से 18 अप्रैल तक चलेगा। महिला आरक्षण अधिनियम से लोकसभा की सीटों की संख्या बढ़कर आठ सौ 16 हो जाएगी। इसमें 273 सीटें महिलाओं के लिए होंगी। लोकसभा और राज्य विधान सभाओं में महिलाओं को 33 प्रतिशत आरक्षण देने का प्रावधान 2023 में संविधान संशोधन के जरिए किया गया था। इस बीच भाजपा ने पार्टी के लोकसभा और राज्यसभा सदस्यों को संसद के इस विशेष सत्र में मौजूद रहने के लिए व्हिप जारी किया है। इसमें कहा गया है कि इस अवधि में सदन में उपस्थिति अनिवार्य है और कोई छुट्टी मंजूर नहीं की जाएगी। आकाशवाणी समाचार के लिए शशांक कुमार।**

**********

भारत सरकार क युवा कार्यक्रम अउरी खेल मंत्रालय के ओरी से संचालित **'माय भारत केन्द्र संगठन उत्तर प्रदेश'** लखनऊ में माय भारत बजट क्वेस्ट–2026 के तिसरा अउरी आखिरी फेरा क आयोजन कइ रहल हौ। लखनऊ के इंन्दिरा गांधी प्रतिष्ठान में आजु से सुरू भइल कार्यक्रम के पहिला दिने 'नारी शक्ति यूथ पार्लियामेंट' क आयोजन भइल जेहमें नौजवान लोगि विधायी प्रक्रिया अउरी अधिनियमन पर चर्चा कइलें। बिहने दूसरका दिन केन्द्रीय बजट–2026 के खास बिसयन पर समुह चर्चा होई जेहमें प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क वर्चुअल सनेसो परसारित होई। येह कार्यक्रम का मुख्य उद्देश्य केन्द्रीय बजट–2026 के बारिकियन के नौजवानन बदे आसान बनावल हौ जेहसे ऊ लोग राष्ट्र निर्माण में सक्रिय भूमिका निभा सके।

**********

प्रदेस में सादी बियाह बदे कामर्शियल एलपीजी सिलेंडर देवे बदे खाद्यय एवं रसद विभाग शादी क कार्ड चाहे प्री–ऑर्डर बुकिंग देखवले पे सिलेंडर देहले के खास व्यवस्था सुरू कइले हौ। एकरे तहत सादी समारोह बदे सपलाई आफिस चाहे एडीएम खाद्यय एवं रसद के दरखास्त देई के एलपीजी सिलेंडर लिहल जा सकेला।

**********

अमरनाथ जतरा येह बरिस 3 जुलाई से 28 अगस्त 'राखी' ले चली। जम्मू–कश्मीर के उप–राज्यपाल मनोज सिन्हा बतवलें कि पहिला पूजा जेठ के पुन्नवासी यानी 29 जून के होई। 15 अप्रैल से ऑनलाइन अउर ऑफलाइन सुरू होवे वाला पंजीकरण जम्मू और कश्मीर बैंक, पंजाब नेशनल बैंक, स्टेट बैंक ऑफ इंडिया अउरी यस बैंक में होई।

**********

मसहूर गायिका अउर पद्म विभूषण से सम्मानित आशा भोसले क आजु मुंबई में 92 बरिस के उमरि में सरगबास हो गइल। उनकर किरिया करम बिहने संझा 4 बजे शिवाजी पारक में होई। उनकर पोती जनाई भोसले बतउलिन कि उनकरे सीना में संक्रमण अउर कमजोरी के चलते काल्ही संझा उन्हें अस्पताल में भरती करावल गइल रहे। आशा भोसले क बहुमुखी करियर आठ दसक से बेसी रहल।

उनकरे सरगबास पे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुख जतावत येह के कला जगत के बहुते बड़हन नोकसान बतवलें। अपने सोक सनेसा मे मुख्यमंत्री कहलें कि आशा भोसले क गायिकी भारतीय संगीत के नया ऊचाई दिहले रहल। जउन कि देसवासियन के मन में हमेसा गूंजत रही।

**********

मऊ जिले क घोसी लोकसभा क्षेत्र क पूर्व एम पी हरि नारायण राजभर क आजु दुपहरिया हार्टफेल भइले से सरगबास हो गइल। लखनऊ के एगो अस्पताल में उहां के अंतिम सांस लेहलीं। बलिया जिला क रहवईया स्वरगीय राजभर पूर्व मुख्यमंत्री कल्याण सिंह के सरकार में जेल मंत्री रहलें।

**********

मथुरा में दुइ दिन पहिले यमुना नदी में भइल नाव हादसा में मृतकन क संख्या 13 हो गइल हौ। काल्ही ले 11 सव मिलल रहे आजु दुइ अउर सव बरामद भइल। लापता दुइ अउरियो लोगिन के तलास में सेना अउर एनडीआरएफ क टीम पुरहर अभियान चला रहल हौ। ई दुरघटना पीपापुल से एगो नाव के टकरइले से भइल रहे।

**********

आईपीएल में आजु लखनऊ के इकाना स्टेडियम में लखनऊ सुपर जाएंट्स क मोकाबिला गुजरात टाईटंस के साथ हो रहल हौ। टास जीतले के बादि गुजरात क टीम पहिले गेंदबाजी क फइसिला कइलसि। पहिले बल्लेबाजी करत लखनऊ का टीम गुजरात के 165 रन क टारगेट दिहले हौ। अंतिम खबर मिलले ले गुजरात का टीम 1 बिकेटि पे 52 रन बना लेले रहे।

**********